

TUGAS BDR HARI KAMIS, 2 MEI 2024

BAHASA JAWA

BAB 7 WAYANG RAMAYANA

Nama : _____

No. Absen : _____

Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d sangarepe pratelan sing paling bener!

Waspadakna gambar iki!

6.



Paraga iki klebu wayang Ramayana. Putra panggulu Resi Wisrawa lan Dewi Sukesi iki apaes raseksa, nanging watak satria, jujur, tan mingkuh bela negara. Mangerti menawa tumindake Prabu Rahwana anggone nyolong Dewi Shinta, iku nalisir angger-anggere bebrayan, mula nalika prang gedhe Ngalengka lan Pancawati (Ayodya), milih tapa nendra. Amarga rumangsa kewalahan mungsuh balane Rama Prabu Rahwana, nggunggah rayine anggone tapa nendra. Kanthi cara nyiyapake tumpeng ingkung gedhene sagunung lan omben-omben sajodhang. Durung rembugan apa

wae, wungu tapa nendra dipancing dhaharan mau. Sawise iku banjur, Prabu Rahwana banjur dhawuh, supaya rayine mau maju prang mungsuh Raden Rama. Jelas wae rayine puguh, jalaran lekase keng raka iku nalisir. Bareng puguh Prabu Rahwana duka yayah sinipi, nguman-uman anggone wis dhahar asile bumi Ngalengka. Sanalika dhaharan kawutahake ana paseban. Sang Prabu tambah duka. Dene rayine nyat sanalika maju ing paprangan, sinambi celathu, "Kakang Prabu, aku njaluk pamit maju prang, ananging nggenipun rayi maju prang iku babar blas ora belani Kakang Prabu, ananging aku bela kajujuran, bela bumi Ngalengka." Nganti ana paprangan perangane yaksa sing awatak satria mau denprithili mbaka siji, banjur gugur ngrungkepi bumi Ngalengka.

Paraga iki arane ...

- | | |
|---------------------|---------------------------|
| a. Dewi Sarpakenaka | c. Raden Gunawan Wibisana |
| b. Raden Indrajit | d. Raden Kumbakarna |
7. Raden Kumbakarna sing apaes raseksa, netra surya kembar, rambut gimbal nyambel wijen, tutuk menga kaya guwa, siyung mingis mingis, parandene watake jujur, wani bela kautaman. Ukara iki ngupamakake mligi perangane awak, mula migunakake tembung ...
- | | |
|--------------|-------------|
| a. panyandra | c. parikan |
| b. pepindhan | d. permesan |
8. Ing Kraton Ngalengka, para putri dipapanake ana kaputren utawi ing taman. Dewi Shinta dipapanake ana taman Argasoka. Dene para satriya dipapanake ana kasatriyan. Raden Kumbakarna mapan ing kastriyan ...
- | | |
|--------------------|-----------------|
| a. Girikadhasan | c. Gondolumayit |
| b. Pangleburgongsa | d. Gambiranom |
9. Garwane Prabu Dasarata iku ora mung siji. Garwa prameswari asmane Dewi Kosalya, utawa Dewi Ragu. Garwa Selir asmane Dewi Sumitra lan Dewi Kekayi. Dene sing nurunake putra cacah telu iku asma ...
- | | |
|-----------------|-----------------|
| a. Dewi Kekayi | c. Dewi Sumitra |
| b. Dewi Kawakwa | d. Dewi Kosalya |

Waspadakna gambar iki!



10. Iki satria ing Girikastuba. Ibune asmane Dewi Sumitra. Ramane asma Prabu Dasarata. Kadange ana papat: Rama, Bharata, Satrugna, lan Dewi Kawakwa. Watake luhur, setya, lan kendel. Dheweke titisane Bathara Suman. Nalika Rama titisane Bathara Wisnu kasebratake 13 taun ing Alas Dhandhaka, Putrane Dewi Sumitra iki milih sumusul Kangamase yaiku Raden Rama. Nalika Dewi Shinta katinggal ing alas sing njaga keslametane, lan direwangi wadat salawase amarga kasetyane. Satria iki asmane ...
- | |
|--------------------|
| a. Dewi Kawakwa |
| b. Raden Lakshmana |
| c. Raden Satrugna |
| d. Raden Bharata |

